

✓ SEKRETARYA EGZEKITIF

Wòl Sekretarya Egzekitif la se asire jesyon operasyonèl ak fonksyonman pèmanan Akademi an. Sekretarya Egzekitif la genyen nan tèt li yon Sekretè egzekitif ki gen divès direksyon teknik sou responsablite li, tankou: Direksyon kominikasyon, Direksyon syantifik ak Direksyon administrasyon an. Se Sekretè Egzekitif la ki asire aplikasyon rezolisyon ak desizyon Konsèy Administrasyon an.

✓ KONSÈY KONSILTATIF

Lwa Kreyasyon Akademi an prevwa egzistans yon Konsèy Konsiltatif. Se Konsèy Akademisyen an k ap gen pou li chwazi manm Konsèy Konsiltatif la sou baz nivo esperyans yo nan domèn travay yo ak nan pwodiksyon yo nan lang kreyòl. Aktyèlman Akademi an ap pare pou li mete ògàn sa a sou pye.

✓ KOMISYON

Pou yo byen ranpli misyon enstitisyon an, Akademisyen yo fòme plizyè komisyon: komisyon kominikasyon ak relasyon piblik ; komisyon syantifik; komisyon edikasyon ; komisyon etik ; komisyon jèn ; komisyon konsèy konsiltatif ak komisyon finans. Yon Akademisyen gen dwa manm plizyè komisyon alafwa.

✓ PIBLIKASYON

Akademi Kreyòl Ayisyen deja prezan sou tout rezo sosyal yo. Li genyen yon bilten ki parèt de (2) fwa chak ane. Li gen sit entènèt li, epi l ap travay sou yon Revi Syantifik ki dwe parèt chak ane.



(+509) 3333-0816 / 3333-0815
4363-5555 / 4363 6666

enfomasyon@akademikreyol.net
www.akademikreyol.net


20, Avni Lamatinyè, BwaVèna
HT 6116, PÒTOPRENS, AYITI.

SUIV NOU



AKADEMI
KREYÒL
AYISYEN
AKA

ESKANE M



www.akademikreyol.net

✓ ORIJIN

Atik 213 Konstitisyon 1987 la prevwa pou Leta kreye yon akademi pou kore devlopman lang kreyòl la. Se nan lane 2008, plis pase ven (20) lane apre adopsyon konstitisyon an, Inivèsite Leta Ayiti te pran inisyativ pou li mete kanpe komite pou tabli Akademi Kreyòl Ayisyen an ki te gen ladan li reprezantan divès enstitisyon, prive kou leta.

Konsa, soti 27 pou rive 29 oktòb 2011, komite a òganize yon kòlòk entènasyonal ki mobilize divès espesyalis nan edikasyon, sosyoloji, antwopoloji, lengwistik, sikoloji, elatriye. Twa (3) jou kòlòk la te dewoule sou tèm "Akademi Kreyòl Ayisyen : ki pwoblèm ? ki avantaj ? ki defi ? ki avni ?" Kòlòk sa a te rive mete tout moun dakò sou wòl, òganizasyon ak fonksyonman Akademi an ta dwe genyen.

10 desanm 2012 Sena Repiblik la vote lwa kreyasyon Akademi Kreyòl Ayisyen an. 23 avril 2013 Chanm Depite a vote l tou. Nan dat 7 avril 2014, lwa kreyasyon Akademi an pibliye nan jounal ofisyèl Repiblik Ayiti, Le Moniteur, nimewo 65. Apre piblikasyon ofisyèl la, komite a pa te pran tan pou li mete kanpe yon lòt estrikti pou seleksyone premye manm Akademi Kreyòl Ayisyen an sou pwopozisyon yon latrize enstitisyon ki te toujou ap travay pou yo bay lang natifnatal la jarèt. Se konsa, nan dat 4 desanm 2014, nan yon seremoni ofisyèl ki rasanble yon latrize pèsonalite politik, literè, entèlèktyèl ak diplomatik, komite pou tabli Akademi an enstale 33 premye manm Akademi Kreyòl Ayisyen an.

✓ MISYON

Akademi Kreyòl Ayisyen se pi gwo otorite nan sa ki gen pou wè ak lang kreyòl ayisyen an, an Ayiti kou aletranje. Pami misyon lwa kreyasyon li ba li, nou kapab site: travay pou enstitisyon leta yo aplike Konstitisyon an nan piblikasyon tout dokiman ofisyèl yo nan lang kreyòl ; Ankouraje travay sou devlopman zouti tankou gramè, diksyonè, leksik nan tout domèn; fè envantè epi ankouraje tout moun k ap travay sou lang kreyòl ak espesyalis nan tout domèn k ap pwodui nan lang kreyòl.

✓ ESTATI

Akademi Kreyòl Ayisyen gen karaktè administratif, kiltirèl ak syantifik. Li se yonn nan senk (5) enstitisyon endepandan ki nan konstitisyon 1987 la. Sa vle di li p ap fonksyone sou lobedians okenn Ministè ni lòt enstitisyon nan leta a. Bidjè fonksyonman li sou kont leta ayisyen. Kididonk, l ap jere finans ak resous li yo selon prensip kontablite piblik.

✓ AKADEMISYEN

Dapre atik 19 ak 20 lwa ki kreye Akademi Kreyòl Ayisyen an, Akademisyen se yon tit onorifik. Moun ki gen tit sa a p ap travay pou lajan, li pa gen salè. **Pou yon moun vin gen tit Akademisyen, li dwe:**

- 1) Ayisyen, fi kou gason;
- 2) Gen 40 lane pou pipiti;
- 3) Ap jwi dwa sivil ak politik li, epi li pa gen pwoblèm ak lajistis;
- 4) Moun ki travay, ki fè rechèch nan lang kreyòl la; ki pwodui an kreyòl osnon sou lang kreyòl bon jan travay ki gen bon jan valè pou avansman ak devlopman lang kreyòl la;

5) Moun sosyete a deja rekonèt zèv li ap fè pwomasyon pou avansman lang kreyòl la.

✓ KONSÈY AKADEMISYEN

Konsèy Akademisyen an se pi gwo otorite Akademi Kreyòl Ayisyen an. Se li ki dwe bay oryantasyon pou Akademi an fonksyone kòm-sadwa. Li gen ladan l tout Akademisyen yo ki kapab pou piti 33 manm e pou pi plis 55 manm. Konsèy la dwe defini politik jeneral Akademi an; fè eleksyon pou chwazi manm Konsèy Administrasyon an; pran desizyon kraze Konsèy Administrasyon an si sa ta nesèsè apre dizon detyè (2/3) nan Akademisyen yo; epi konvoke Konsèy Administrasyon an pou mande li rann kont sou travay l ap fè. Konsèy sila a reyini chak ane nan seyans òdinè sou envitasyon Konsèy Administrasyon an, epi nan seyans estwòdinè chak fwa sa nesèsè.

✓ KONSÈY ADMINISTRASYON

Konsèy Administrasyon an gen ladan l sèt (7) Akademisyen ki soti nan eleksyon ki fèt chak de (2) lane. Manm Konsèy Administrasyon an p ap travay pou lajan men yo kapab genyen prim pou patisipasyon yo nan reyinyon ak lòt aktivite Akademi an. Li sèvi entèmedyè ant Konsèy Akademisyen an ak Sekretarya Egzekitif la, kote li gen pou li travay sou oryantasyon estratejik Akademi an. Kad la gen pou li reyini chak twa (3) mwa.